

Pwogram klinik dantè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk - Fòm pou konsantman paran bay lekòl

Non Founisè Swen Dantè a (OHCP) First MedCare Primary Care Center

Adrès OHCP 8707 Flatlands Avenue, Brooklyn, NY 11236

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA	ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB
Siyati elèv la: _____ Non elèv la: _____ Dat nesans: _____ / _____ / _____ <div style="text-align: center;"><i>Mwa Jou Ane</i></div> Adrès elèv la: _____ <div style="text-align: center;"><i>Vil Eta Kòd postal</i></div> Lekòl: _____ Klas : _____ Non pwofesè a: _____ <u>KESYON ENPÒTAN SOU SANTE</u> Èske pitit ou a gen yon pwoblèm medikal ki ka afekte oswa konplike tretman dan li? Paegzanp pwoblèm kè, pwoblèm respirasyon, seyman, epilepsi, alèji, maladi kontajye, pwoblèm iminitè, etc. Si l genyen, eksplike. SI PA GENYEN OKENN PWOBLEM, KITE L VID 	<u>Manman</u> Siyati: _____ Non: _____ <u>Papa</u> Siyati: _____ Non: _____ <u>Responsab, si gen yonn</u> Siyati: _____ Non: _____ Lyen responsab elèv la genyen avèk elèv la <input type="checkbox"/> Granpè/granmè <input type="checkbox"/> Tonton oswa matant <input type="checkbox"/> Lòt lyen: _____ <u>Enfòmasyon pou kontakte paran oswa responsab</u> Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ Selilè: _____ Imèl: _____ <u>Lòt moun pou kontakte nan ka ijans</u> Non: _____ Lyen avèk elèv la: _____ Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ Selilè: _____ Imèl: _____
ENFÒMASYON SOU ASIRANS	
Èske pitit ou a gen Medicaid? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi: # Medicaid _____ Èske pitit ou a gen Child Health Plus? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi: CHP # _____ Ki plan? <input type="checkbox"/> Affinity <input type="checkbox"/> Fidelis <input type="checkbox"/> Healthfirst <input type="checkbox"/> Health Plus Amerigroup <input type="checkbox"/> HIP <input type="checkbox"/> MetroPlus <input type="checkbox"/> WellCare <input type="checkbox"/> United Healthcare <input type="checkbox"/> MVP <input type="checkbox"/> Empire BlueCross BlueShield <input type="checkbox"/> Lòt asirans: _____	Èske pitit ou a gen asirans nan yon plan travay bay oswa nenpòt lòt tip asirans sante? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi, ki plan sante: _____ ID manb oswa Nimewo sekirite sosyal: _____ Telefòn konpayi asirans sante a: _____ Non adilt ki asire a: _____ Dat nesans adilt ki gen asirans lan: _____ Menmsi pitit ou a gen asirans menmsi li pa genyen, y ap ba li sèvis yo san ou pa peye.
KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS KLINIK SANTE NAN LEKÒL	
Mwen konprann pitit mwen an ap resevwa sèvis sante dantè epi siyati mwen bay la se konsantman mwen pou pitit mwen an resevwa sèvis OHCP ap bay depi pitit mwen an toujou nan lekòl la. Mwen ka anile konsantman m lan nenpòt lè, lè m voye yon avi bay OHCP. Mwen konprann m ap mete founisè a okouran nenpòt gwo chanjman nan sante pitit mwen an. SONJE: Dapre lalwa, yo pa egzije konsantman paran pou elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti oswa pou elèv ki gen pitit oswa ki granmoun tèt yo. Siyati m vle di mwen resevwa yon kopi Avi sou respè vi prive <i>Notice of Privacy Practices</i> . X _____ Siyati Paran/Responsab (oswa elèv la si li gen laj 18 ane pou pi piti oswa si lalwa pèmèt sa nan lòt ka) _____ Dat _____	
KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE	
Mwen li ak konprann piblikasyon enfòmasyon sou sante ki nan paj 2 fòm sa a. Siyati m vle di mwen dakò pou yo divilge enfòmasyon medikal jan yo espesifye l la. X _____ Siyati Paran/Responsab (oswa elèv la si li gen laj 18 ane pou pi piti oswa si lalwa pèmèt sa nan lòt ka) _____ Dat _____	

Pwogram klinik dantè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk - Fòm pou konsantman paran bay lekòl

Non Founisè Swen Dantè a (OHCP) First MedCare Primary Care Center

Adrès OHCP 8707 Flatlands Avenue, Brooklyn, NY 11236

KONSANTMAN POU SÈVIS SWEN DANTÈ NAN LEKÒL

Mwen dakò pou pitit mwen an resevwa sèvis swen dantè nan men pwofesyonèl ki gen lisans leta OHCP kòm yon pati pwogram sante dantè nan lekòl ke Depatman sante eta Nouyòk apwouve. Mwen ka anile konsantman m lan nenpòt lè, lè m voye yon avi bay OHCP. Mwen konnen ke y ap garanti konfidansyalite ant pitit mwen an ak founisè swen dantè nan domèn sèvis byen presi dapre lalwa, epi y ap ankouraje elèv pou entegre paran oswa responsab yo nan desizyon sou *counseling* ak sou swen dantè yo. Sèvis dantè nan lekòl la ka genyen, pami lòt, sèvis prevansyon pou sante dantè, sèvis pou kondisyon ki te la deja, ak pwosedi ijans. Sèvis sante dantè pou prevansyon genyen pami yo, egzamen dantè konplè, tretman ijyèn dantè, radyografi, selan ak tretman fliyorid. Sa ka gen ladan tou ke yo mete Silver Diamine Fluoride nan dan dèyè yo pou anpeche pwogresyon kavite (Silver Diamine Fluoride kapab dekolore kavite pou vin bay yon koulè mawon oswa nwa). Pou lòt sèvis ki pa egzamen dantè konplè ak sèvis sante dantè pou prevansyon, OHCP dwe fè paran/responsab la konnen sèvis ak tretman y ap bay yo gen plonbe dan ak rache dan ak itilizasyon anestezi oswa lòt medikaman. Si paran an pa bay konsantman, yo pa ka bay sèvis yo.

**KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ RÈGLEMAN HIPAA
POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SWEN DANTÈ**

Siyati m ki nan lòt bò fòm sa a otorize pou yo divilge enfòmasyon sante. Lwa federal ak lwa eta a sou vi prive ka pwoteje enfòmasyon sa a pou yo pa pibliye l.

Lè m siyen dokiman sa a, mwen otorize pou yo divilge enfòmasyon sante bay Komite edikasyon Vil Nouyòk (Board of Education of the City of New York (alyas Depatman edikasyon Vil Nouyòk), ki ka gen enfimyè paske lalwa, règleman Chanselye a egzije sa, paske li nesèsè pou yo pwoteje sante ak sekirite elèv la, oswa pou yo ka konsidere yon bòdwo konpayi asirans pitit mwen an. Enstitisyon oswa moun ki divilge enfòmasyon sou swen dantè sa a dwe ban m yon kopi fòm sa a.

Lalwa egzije paran pou bay lekòl la kèk enfòmasyon, tankou prèv vaksen. Si yo pa bay enfòmasyon sa a, sa ka lakoz yo voye elèv la lakay li.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòm sa a. Mwen konnen ke mwen pa oblije pèmèt yo divilge enfòmasyon sante pitit mwen an, epi mwen ka chanje lide m nenpòt lè epi anile otorizasyon mwen bay la lè m ekri OHCP. Sepandan, apre yo fin divilge yon enfòmasyon, yo pa ka retounen sou desizyon an pou rantre enfòmasyon ki te divilge avan yo te mande anile otorizasyon an.

Mwen otorize OHCP pou divilge enfòmasyon sante elèv nou site nan do paj la ba Board of education of the City of New York (alyas Depatman edikasyon Vil Nouyòk).

Mwen dakò pou OHCP bay Depatman edikasyon enfòmasyon sante nou dekri pi ba a, ak pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk bay OHCP enfòmasyon sante nou dekri pi ba, pou yo ka satisfè egzijans lalwa ak asire ke lekòl la gen enfòmasyon li bezwen pou pwoteje sante ak sekirite pitit mwen an. Mwen konnen ke enfòmasyon sa a ap rete konfidansyèl dapre lwa federal ak lwa eta a ak dapre règleman Chanselye a sou konfidansyalite:

- Pwoblèm ki ka egzije entèvansyon ijans
- Pwoblèm ki limite yon elèv nan aktivite chak jou l (Fòm 103S)
- Dyagnostik kèk maladi atrapan (ki pa enfeksyon SIDA/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI) ak lòt sèvis lalwa garanti).
- Kouvèti asirans sante

Siyati m ki nan paj 1 fòm sa a bay OHCP konsantman m tou pou yo kontakte lòt founisè ki te egzamine pitit mwen an pou yo ka jwenn enfòmasyon sou asirans.

Otorizasyon pou divilge enfòmasyon an kòmanse apati dat fòm sa a siyen jiskaske elèv la pa enskri nan Pwogram klinik sante dantè nan lekòl la, oswa jiskaske yo anile konsantman an, nenpòt sa ki rive avan an.

OHCP dwe founi fòm Dwa pasyan ak règleman sou entimite yo, jan lalwa mande sa.